

KUBA KWAMONSANTO KEROTSI YEKUTURKEY

KUBIRA VARIMI KUBURIKIDZA NEKUDA KUWANA MARI ZHINJI!

Kuba kwaMONSANTO karotsi kunoratidza mabiro anoita makambani ndudzi dzembeu dzevarimi, vanodzibvisa kubva kuruzhinji vodziita dzavo, pedvezvo vadzitengesa zvakare kuvarimi vavanenge vabira.

**Kutora kubva muruzhinji;
kubira varimi mhando dzavo dzembeu**

Mumwe murume anonzi John Wester akatenga mbeu ye karotsi kumusika wevarimi kuAdana kuTurkey akaiendesa kukambani yaMonsanto inonzi Seminis. Seminis yakangodyara mbeu iyi yekarotsi ikakurumidza kusarudza mbeu yekushandisa yavo ivo yakanaka semuenzaniso sekarotsi yaiva nemucherechedzo wemudzi neruvara rwe purple. Sarudzo iyi yekarotsi yakaitika kubva muna 2000 kusvika 2004 kuCalifornia. Seminis yakazonyorera rugwaro rwekuva varidzi kugwaro runonzi "Plant Variety Protection" pamusoro pedzimwe mhando dzembeu muUnited States pashure muEurope. Izvi zvakaita kuti Monsanto ave iye chete kambani anotengesa mbeu "yavo" ye *purple* karotsi.

Kambani yeSeminis yakati yakawana mbeu iyi zviri pamutemo, sekuwana kunongoitwa musango kana kunzvimbo dziri kure dzisingagari vanhu nechinangwa chekuchenetedza zviwanikwa. Aya manyepo chete, vakaba mhando iyi yembeu yakaitwa nevarimi kwemakore akawanda, vakazviti ndivo varidzi vakatengesa kuti vawane mari yepamusoro. Maitiro aya ndiko kuba.

